



RICK SCOTT
GOVERNOR

JUSTIN M. SENIOR
SECRETARY

HeadOfHousehold
AddressLine1 AddressLine2
RecipientCity RecipientState 1234567890

27 jen, 2017



Byenveni nan pwogram Medicaid ki kontwole Asistans Medikal la (MMA). Pwogram MMA a se yon pati nan Medicaid ki kontwole Swen tout Eta Florid la. Ou enskri nan plan MMA ki nan lis anba a. Ou ka chwazi plan MMA ki pi bon pou ou an. Ou ka rete nan plan nan lis anba a oswa ou ka chwazi yon lòt plan. Jiskaske ou fè yon chwa, w'ap enskri nan plan ki nan lis anba a.

Enskripsyon ki anba a (yo) ap kòmanse 7/1/2017.

Non	Plan	Nimewo telefòn Plan
RecipientName	HealthPlanName	(123)456-7890

Li fasil pou chwazi yon plan. Ou kapab:

1. Enskri sou sit entènèt nou: www.flmedicaidmanagedcare.com. Epi ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Medicaid ak plan yo ou ka chwazi sou sit sa a.
2. Rele Liy-èd gratis la nan 1-877-711-3662, epi pale ak yon konseye chwa pou enskri sou telefòn.
3. Si ou genyen bezwen espesyal ou ka rankontre ak yon Konseye Chwa nan kominote w— ou ka pran yon randevou si w rele Liy-èd gratis la nan 1-877-711-3662 pou orè.

Pou enskri w ap bezwen ane nesans, ak nimewo ID Medicaid oswa nimewo Kat Lò a pou chak moun ki nan lis sou lèt sa.

Tanpri li dèyè lèt sa.



Tanpri sonje: Si elijibilite Medicaid ou chanje, ou gen dwa pa kapab antre nan yon plan MMA. Asire ke ou kenbe tout randevou e voye tout enfòmasyon yo mande nan Depatman Timoun ak Fanmi oswa Administrasyon Sekirite Sosyal ki gen rapò ak elijibilite ou.

Kisa k ap pase apre?

- Kounye a ou nan Medicaid. Ou ka kòmanse resevwa sèvis.
- Plan MMA ou (yo) ap voye kat Idantifikasyon (yo), yon manyèl manm, ak yon lis founisè.
- Plan ou pral chwazi yon Doktè Prensipal (PCP) pou ou. Ou ka chanje doktè prensipal (PCP) ou nenpòt lè si'w rele plan sante ou.
- Pran yon randevou ak founisè ou pou w fè yon kontwòl.
- Si w gen kesyon sou sèvis plan sante ou ofri, rele plan sante a.

DWA'W POU CHANJE PLAN

Kou ou fin enskri nan plan ou, w'ap genyen 120 jou pou chanje plan. Si ou vle chwazi yon lòt plan, ou oblije fè sa avan 10/29/2017. Aprè dat sa-a, si ou ta vle chanje plan, w'ap kapab fè sa sèlman yon fwa pa ane nan yon tan espesyal ki rele Anwolman Ouvri. Avan peryòd Anwolman Ouvri-a kòmanse, w'ap resevwa yon lèt pou raple'w ak enfòmasyon de chwa plan ou ka fè yo.

Si ou ta vle chanje plan nan tan ki pa nan peryòd Anwolman Ouvri-a, w'ap oblije genyen yon bon rezon ke eta apwouve. Pou plis enfòmasyon oswa pou'w ka konnen si'w gen yon bon rezon, rele 1-877-711-3662 oswa vizite www.flmedicaidmanagedcare.com.